

Kijan pou pran swen yon blesi

Yon gid pou Jere
Pwòp Blesi Pa
Ou pou Moun Ki
pran Dwòg



NYC
Health



1 Lave men ou avèk savon ak dlo, oswa mete gan.



2 Lave blesi an avèk savon ak dlo epi seche li byen. Pa sèvi ak ni alkòl ni dezenfektan pou men pou netwaye blesi.



3 Pase krèm antibyotik sou sifas blesi an.



4 Kouvri blesi an avèk twal gaz esteril epi mete yon bandaj pou kenbe.



5 Pou blesi ki pi gwo yo, vlope zòn nan avèk bandaj medikal.



6 Chanje twal gaz la oswa bandaj medikal la de (2) fwa pa jou.

Kilè pou chèche swen medikal

Si ou gen nenpòt nan pwoblèm sa yo, blesi an gen dwa grav epi bezwen pou yon pwofesyonèl medikal gade li. Pou jwenn yon pwofesyonèl medikal, rele **311** oswa 844-692-4692. Pou jwenn sipò pou moun ki pran dwòg, sa gen ladan sèvis pou anpeche yo fè tèt yo mal ak pou yo jwenn medikaman, ale sou nyc.gov/alcoholanddrugs.



* Blesi an vin pi gwo, pi fon, fè pi mal oswa pi sansib.



* Gen yon woujè k ap anvayi, tras wouj arebò blesi an oswa bòdi an vin fonse.




* Blesi an sou yon atè oswa nan figi, nan kou, nan men, nan pye oswa nan pwatrin.



* Gen yon kò etranje, tankou yon pwent zegui, nan blesi an.



* Gen plis ekoulman oswa gen pi, oswa blesi an santi move.



* Ou gen lafyèv oswa frison, souf kout, feblès, doule nan mis, ak fatig.

